

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina kahirupan, manusa miboga kabutuhan pikeun dirina. Éta kabutuhan téh kudu dicumponan sangkan nyingkahan sagala pasualan. Upamana, kawas budak anu mikabutuh kanyaah, pangrojong, jeung kakuatan pikeun dirina sangkan bisa jadi manusa nu séhat tur mandiri. Kartono (2007, kc. 47) nétélakeun yén budak téh mangrupa mahluk sosial nu mikabutuh rélasi, komunikasi, jeung kanyaah pikeun ngamanusakeun dirina.

Salian pikeun ngamanusakeun dirina, budak merlukeun kanyaah leuwih loba lantaran kaayaan émosionalna nu masih kénéh héngkér. Biasana ieu hal téh ngabalukarkeun kaayaan psikologis budak gampang pisan kaganggu. Salasahiji conto kasus nu bisa mangaruhan kana kaayaan psikologis budak téh nyaéta nalika budak teu miboga bapa dina kahirupanana. Ieu kasus téh disebut *fatherless*. Numutkeun Fitroh (2014, kc. 86) *fatherless* téh mangrupa kaayaan nalika budak teu miboga bapa boh sacara fisiologis boh sacara psikologis nu bisa ngabalukarkeun ayana konflik psikologis jeung rasa kamelang dina dirina.

Pasualan-pasualan anu patali jeung konflik psikologis, utamana dina kasus *fatherless* réa kapanggih jeung digambarkeun dina karya sastra. Salasahiji contona nyaéta karya sastra wangun novel. Salian ti wangunna anu panjang, biasana novel gé sok némbakkeun jeung nepikeun gagasan anu leuwih jembar jeung teleb deui. Salasahijina waé nyaéta gagasan ngeunaan kasus *fatherless*. Dina sastra Indonesia urang bisa manggihan kumaha benturan (konflik) psikologi nu mokaha dina novel “*Ayah*” karya Andrea Hirata atawa novel “*Cinta Berbunga di Lovina*” karya Sunaryono Basuki.

Novel anu baris dijadikeun sumber dina ieu panalungtikan téh nyaéta novel *Budak Teuneung* karya Samsodi. Dipilihna ieu novel pikeun sumber panalungtikan téh sabab nyoko kana sababaraha hal, di antarana nyaéta ku ayana kasus *fatherless* nu karandapan ku tokoh utama nu ngarana Warji. Dina kahirupanana, Warji ngalaman rupa-rupa konflik psikologis sabada ditinggalkeun maot ku bapana. Salasahiji conto konflik psikologis nu karandapan ku Warji téh

nyaéta nalika manéhna diraponan ku babaturan ulinna. Tokoh Warji hayang ngalawan sabab teu tarima dirina dikekesek jeung dihina ku babaturanana. Tapi Warji ogé sieun katempuhan lamun téa mah ngalawan jeung malik ngaraponan baturna.

Salian ti nyoko kana pasualan ngeunaan *fatherless*, dipilihna novel *Budak Teuneung* pikeun sumber panalungtikan téh sabab miboga kaonjoyan nyaéta ditulis ku Samsodi anu ahli dina jagat sastra anak di tatar Sunda. Samsodi minangka panulis anu remen nulis karya sastra anak, malah mah nepi ka ngarana diabadikeun ngaran hadiah pikeun panulis anu medalkeun carita keur budak ku alpukahna Ajip Rosidi dina Hadiah Rancagé. Kasang tukangna salaku guru jeung sipir di pangbuian barudak nalika keur jeneng kénéh ogé, mangaruhan kana carita-caritana nu pinuh ku ajén atikan. Contona waé, sacara teu langsung Samsodi ngajarkeun anu maca hususna barudak pikeun nyonto kana sagala kahadéan ngaliwatan tokoh Warji. Jadi budak nu nurut ka kolotna, sabar, jujur, jeung wani pikeun néang bebeneran mangrupa atikan anu bisa dicangking jeung dijadikeun conto tina tokoh Warji. Lian ti eta, basa anu dipidangkeun dina ieu carita téh teu beurat teuing. Kaharti jeung asup akal keur pamikiran barudak. Budaya anu dicaritakeun dina eusi novel gé luyu jeung kahirupan budak, kawas ulin di pasawahan, nyieun cocooan tina kaléng atawa taneuh liket, jeung sajabana.

Pikeun medar pasualan konflik psikologis nu karandapan ku Warji sabada ditinggalkeun maot ku bapana, tangtu diperlukeun pamarekan. Dina ieu hal nyaéta tiori nu cocog pikeun nganalisisna. Ari tiori anu raket patalina jeung kaayaan psikologis téh nyaéta tiori psikologi sastra. Endraswara (dina Minderop, 2010, kc. 59) nétélakeun yén psikologi sastra téh mangrupa kajian interdisiplinér antara psikologi jeung sastra. Psikologi sastra mangrupa kajian sastra nu nilik karya sastra salaku aktivitas jiwa pangarang, anu ngagunakeun cipta, rasa, jeung karsa nalika nyusun hiji karya. Kitu ogé pamaca dina méré sawangan kana hiji karya, moal leupas tina prosés ngolah batinna séwang-séwangan (Suprpto, 2014, kc. 3).

Tujuan tina psikologi sastra téh pikeun maham aspék-aspék kajiwaan nu aya dina karya sastra. Léngkah pamahaman tiori psikologi sastra bisa ngaliwatan tilu cara. Kahiji, ngaliwatan pamahaman tiori-tiori psikologi tuluy ngalakonan analisis dina hiji karya sastra. Kadua, nangtukeun karya sastra minangka objék

panalungtikan, tuluy ditangtukeun tiori-tiori psikologi nu dianggap luyu pikeun digunakeun. Katilu, sacara babarengan manggihan tiori jeung objék panalungtikan (Minderop, 2010, kc. 59). Psikologi jeung Sastra miboga hubungan fungsional sabab sarua gunana pikeun ngulik kaayaan jiwa hiji jelema. Bédana, gejala kajiwaan dina karya sastra mah imajinér sabab karakter atawa tokoh manusa nu aya dina karya sastra biasana ngan saukur jijiyeunan tina implengan pangarangna (fiksional). Sedengkeun gejala kajiwaan dina psikologi nyaéta gejala kajiwaan anu nyata sabab objékna mangrupa manusa nu saenyana, lain jijiyeunan tina implengan pangarang. Duanana bisa silih ngalengkepan jeung silih ngeusi pikeun nyangking pamahaman nu leuwih jero ngeunaan kajiwaan manusa sabab bisa jadi hal anu dipikapaham ku pangarang teu ditalungtik ku psikolog atawa sabalikna.

Pamarekan psikologi anu digunakeun pikeun nganalisis karakteristik tokoh utama dina ieu novel téh nyaéta pamarekan psikologi perkembangan Jean Piaget. Pangna tiori Jean Piaget dipaké dina ieu panalungtikan téh sabab eusi tiorina medar ngeunaan psikologis budak. Béda jeung tiori Maslow atawa Freud anu eusi tiorina leuwih cocog dipaké pikeun nganalisis psikologis jalma sawawa. Éta hal anu nyababkeun panalungtik milih tiori Jean Piaget sangkan cocog pikeun nganalisis karakteristik jeung psikologis tokoh utama dina novel “*Budak Teuneung*” anu umurna masih kénéh sabelas taun. Pikeun analisis konflik psikologisna ngagunakeun tiori meunang Kurt Lewin. Lian ti éta, anu dipedar dina ieu panalungtikan téh lain ngan saukur ngeunaan karakter tokoh utama jeung wangun konflik psikologisna hungkul, tapi ogé pasualan struktur anu nyangkaruk dina éta karya sastra kayaning téma jeung fakta carita nu ngawengku galur, panokohan, jeung latar atawa *setting*. Ari anu jadi sabab, lantaran unggal karya sastra téh teu bisa dipisahkeun jeung unsur pangwangun carita. Ayana pedaran struktur carita gé sangkan ngagampangkeun dina medar ngeunaan konflik psikologis anu aya dina éta carita.

Saméméhna, panalungtikan ngeunaan konflik psikologis tokoh utama dina karya sastra geus pernah dilaksanakeun. Contona panalungtikan nu dilaksanakeun ku Shofiyatun ti Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Semarang taun 2009. Éta panalungtikan téh dibéré judul “*Konflik Psikologis Tokoh Utama dalam Novel Tuhan, Izinkan Aku menjadi Pelacur Karya Muhidin M. Dahlan*”.

Zulfikar Alamsyah, 2020

KONFLIK PSIKOLOGIS TOKOH UTAMA DINA NOVEL BUDAK TEUNEUNG KARYA SAMSOEDI
(*Ulitan Struktural jeung Psikologi Perkembangan*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Panalungtikan kadua, dilaksanakeun ku Arina Destinawati ti Program Studi Bahasa dan Sastra Indonesia, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta taun 2012. Ieu panalungtikan téh dibéré judul “*Konflik Psikologis Tokoh Utama Perempuan dalam Novel Sebuah Cinta Yang Mengikis Karya Herlinatiens*”. Nu katilu, panalungtikan nu judulna “*Konflik Psikologis Tokoh Utama Perempuan Belanda Dalam Novel Memories of Stientje Karya M.D Aminuddin*” anu ditulis ku Septiani Epianti ti Prodi Bahasa dan Sastra Indonesia, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta taun 2016.

Nilik tina sababaraha panalungtikan-panalungtikan saméméhna, tétéla tacan aya nu ngulik konflik psikologis tokoh utama dina novel basa Sunda *genre* sastra anak. Ari nu ngulik ngeunaan karakteristik jeung psikologi tokoh utama mah geus pernah dilaksanakeun ku sababaraha mahasiswa Departemen Basa Sunda. Contona nu kahiji nyaéta panalungtikan anu dilaksanakeun ku Dede Kosasih taun 1998 anu jeurna *Analisis Karakteristik Tokoh Utama dina Novel Sunda Karangan Ahmad Bakri Pikeun Bahan Pangajaran Di SPG*. Nu kadua ditulis ku Purnamawati taun 2019 anu dibéré jejer *Novel Sérial Carita Silat Anjar Karangan Achmad Rustandi (Ulukan Struktural jeung Psikologi Humanistik)*. Tuluy aya ogé panalungtikan nu dilaksanakeun ku Gita Kurnia Dewi taun 2019 anu dibéré judul *Aspék Kapribadian Tokoh Utama Dina Kumpulan Carpon Jurig Paséa Jeung Nyi Karsih Karya Tini Kartini (Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra Lacan)*.

Ieu panalungtikan tangtu waé miboga bébédan jeung panalungtikan saacanna. Bébédaanana aya tina objék anu ditalungtik. Tilu panalungtikan anu geus dilaksanakeun ngagunakeun novel basa Indonesia. Lian ti éta karya sastra anu dipaké ogé mangrupa karya sastra keur jelema nu geus sawawa lain karya sastra keur budak. Tangtu waé, psikologi tokoh anu dibahasna nyaéta psikologi ngeunaan jalma nu sawawa pangpangna awéwé, lain psikologi ngeunaan budak. Sasaruuan tina ieu panalungtikan mah nyaéta ngulik ngeunaan konflik psikologis tokoh utama.

Pentingna ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho konflik psikologis nu karandapan ku tokoh Warji sabada manéhna ngalaman konsép *fatherless* dina kahirupanana. Ieu panalungtikan gé dipiharep bisa méré élmu pangaweruh ngeunaan pangaruh tina *fatherless* jeung kumaha cara ngabéréskeun pasualan-pasualan konflik psikologis nu karandapan ku hiji jalma. Ku kituna, dumasar kana

sababaraha hal anu geus dijéntrékeun di luhur, ieu panalungtikan téh dibéré judul “Konflik Psikologis Tokoh Utama dina Novel Budak Teuneung Karya Samsuedi (Ulukan Struktural jeung Psikologi Perkembangan)”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Budak merlukeun perhatian jeung kaasih anu leuwih loba. Umumna budak bisa leuwih émosional ti batan jalma sawawa. Éta hal nu nyababkeun kondisi psikologis budak leuwih gampang kagangguna. Salasahiji conto kasus nu bisa mangaruhan kana kondisi psikologis budak nyaéta kurangna perhatian atawa leungitna kanyaah bapa dina kahirupan budak (*fatherless*). *Fatherless* bisa nyababkeun rupa-rupa masalah, ti mimiti masalah sosial, ekonomi, nepi ka nimbulkeun masalah psikologis dina wangun konflik. Konsép *fatherless* bisa katitén tina salasahiji novel karya Samsuedi anu judulna *Budak Teuneung*. Ku kituna, dina ieu panalungtikan bakal dipaluruh konflik psikologis naon waé anu karandapan ku tokoh utama dina novel *Budak Teuneung*. Lian ti éta ieu panalungtikan ogé bakal maluruh naon sebab jeung akibat nu karandapan ku tokoh utama sabada ngalaman éta konflik psikologis.

1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha struktur carita novel *Budak Teuneung* karya Samsuedi?
- b. Kumaha karakteristik tokoh utama novel *Budak Teuneung* karya Samsuedi disawang tina konsep Psikologi Perkembangan?
- c. Konflik Psikologis naon waé nu karandapan ku tokoh utama dina novel *Budak Teuneung* karya Samsuedi?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh konflik psikologis dina novel *Budak Teuneung* karya Samsuedi, tuluy maluruh ogé ngeunaan sabab jeung balukar tina konflik psikologis éta.

1.3.2 Tujuan Khusus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan téh nyaéta:

- a. Pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis struktur carita dina novel *Budak Teuneung* karya Samsodi.
- b. Pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis karakteristik tokoh utama dina novel *Budak Teuneung* karya Samsodi
- c. Pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis wangun-wangun konflik psikologis nu dialaman ku tokoh utama dina novel *Budak Teuneung* karya Samsodi

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungitkan dipiharep mampuh méré sumbangan pikeun kamekaran élmu Sastra Sunda, hususna dina élmu psikologi sastra. Satuluyna ieu panalungtikan bisa mangpaat pikeun kajian bacaan barudak anu aya patalina jeung psikologis budak sarta dijadikeun bahan rujukan pikeun panalungtikan nu satuluyna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Panalungtikan ngeunaan “Konflik Psikologis Tokoh Utama dina Novel *Budak Teuneung* karya Samsodi” dipiharep bisa mantuan pamaca, boh éta mahasiswa boh éta masarakat umum, utamana ngeunaan karakter budak nu ngalaman *fatheress* jeung faktor-faktor psikologis nu bisa mangaruhan kana perkembangan budak. Ieu panalungtikan gé dipiharep bisa ngèbrèhkeun ajén kahirupan nu aya dina novel *Budak Teuneung* karya Samsodi.

1.4.3 Mangpaat tina Segi Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan tinimbangan keur pamaréntah nu miboga wewenang dina widang atikan (contona Dinas Pendidikan atawa Badan Bahasa) sangkan nambahan produksi buku-buku anu patali jeung budak, contona kawas buku carita anu nepikeun atikan karakter jeung buku ngeunaan *parenting*,

1.4.4 Mangpaat tina Segi Aksi Sosial

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi ngeunaan bahayana *fatherless* pikeun kamekaran psikologis budak jeung konflik nu karandapan ku budak nu ngalaman kasus *fatherless*. Sangkan kahareupna bisa nyingkahan sagala hal nu bisa nyababkeun karugian boh sacara moril boh matéril.

1.5 RARAGA TULISAN

Ieu skripsi disusun jadi lima bab. Raraga tulisan dina ieu panaungtikan téh diwincik kieu: BAB I ngawengku kasang tukang panalungtikan, watesan masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan. BAB II ngawengku ulikan tiori ngeunaan fakta carita, psikologi sastra, psikologi perkembangan, konflik psikologis, panalungtikan saméméhna, sarta raraga mikir. Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan tiori-tiori anu dijadikeun dadasar pikeun ngalaksanakeun panalungtikan. BAB III medar ngeunaan métode panalungtikan, desain panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumen panalungtikan, ogé data jeung sumber data. BAB IV eusina mangrupa hasil analisis panalungtikan jeung pedaran ngeunaan struktur novel *Budak Teuneung*, karakteristik tokoh utama, konflik psikologis nu karandapan ku tokoh utama sarta balukar jeung akibat tina éta konflik psikologis. BAB V ngawengku kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi. Dina ieu bab, panalungtik nepikeun kacindekan tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun sarta harepan panalungtik pikeun kamajuan panalungtikan ka hareup.